

## **Men Sosyete Koukouy (chante ofisyèl Sosyete Koukouy)**

Tout kote w pase  
Y ape mande  
Ki moun nou ye  
Se noumenm  
Sosyete Koukouy  
an he o!

N ap klere nan fènwa  
Nou se poto mitan  
Kilti peyi nou

I

Nou se pitit Mouvman Kreyòl  
N ape simaye Konesans  
Toupatou kote nou pase  
Nou fè lonè Ayisyen  
Nou pa pitimi san gadò  
Nou se natif natal (ter)

II

N ape defann kilti peyi n  
Se idantite n se noumenm  
Vini anba tonèl Koukouy  
Kote atizay fleri  
An nou chante an nou chante  
Men Sosyete Koukouy (ter)

**Pawòl ak Mizik**

**Kiki Wainwright**



## **LIS EKRIVEN SOSYETE KOUKOUY YO PREMYE PATI**

**Gary S. Daniel** te fèt Okap 7 me 1958. Li kòmanse etid primè li nan vil natal li epi li fini yo nan Pòtoprens. Se nan kapital la li boukle etid

segondè li nan “*College Canado Haitien*”. Li rive nan peyi Meriken nan lane 1981, kote li ap debat avèk pwent kòn lavi. Li resevwa yon diplòm Bachelye nan Chimi ak yon Metriz nan Administrasyon Biznis. Misye pibliye plizyè rekèy pwezi deja: “*Kanmizòl nan Peyi Gonbolyen*” (1993), “*Tripotay nan Peyi Gonbolyen*” (1998), “*Litani pou Woz apre Vwayaj nan Peyi Gonbolyen / Rose a Prayer for You after a Trip to Okraland*”(2013) ak *Moïku san “r”oun*”(2019), “*Ti Piman Zwazo*” (2019), *Foutbòl lavi 2 a 1* (2019). Gary pibliye anvan dènnye rekèy li ki rele “*Osekou! / I Can’t Breathe*” (2021) pou pwente lanmò Meriken Floyd e pou li klèwonnen kouman jenou rasis enperyalis la ye toujou sou kou anpil pèp nan monn lan.

Manm Sosyete Koukouy, li patisipe nan piblikasyon «Revi Literè Sosyete Koukouy la», kote li di jan li ta renmen wè syantifik Ayisyen yo pibliye bon dokiman nan lanng manman li depi nan koumansman lane demil yo. Misye resevwa plak lonè 50 lane Sosyete Koukouy pou travay li nan pwomosyon lanng kreyòl la. Gary fè pati manm Sosyete Koukouy nan Monreyal, Kanada. Dènnye rekèy li ki se yon nouvo teknik lekriti pwezi ki rele: *Pwezigòl / Poeticgoal, “Foutbòl lavi 2 a 1 / Life Soccer 2 to 1”* soti nan “*Trilingual Press, Cambridge, Massachusetts*” (2021).

### **Ewald Delva (Konpè Zòf)**

Ewald Delva ( Zòf) fèt 11 Avril 1956. Se yon ansyen elèv Centre d’Études secondaires ( Turgeau, Haïti ) nan ane 1992. Li te etidye Théologie Systématique 1 et 2, nan Reynold Institute de la Nouvelle Angleterre. nan Eta Massachusetts. Li te diplome kòm pastè an 2011. Li se pastè senyò nan Legliz Bethèl Nazrèen Cambridge Massachusetts.

Pandan tan retrèt li, Ewald Delva ajì kòm atis epi seramis. Li fè penti akrilik. Li te pibliye yon rekèy powèm an kreyòl an 1996. Liv sa te kontribye anpil pou diferant kategori moun nan epòk la. An 2014, li pibliye yon woman ki rele Adelina. Liv sa a kontinye ap fè anpil mèvèy nan divès sektè nan kominote ayisyen an. Li ekri anpil lòt woman, men yo sou fòm maniskri toujou.

**Janjan Désiré** se teknisyen nan domèn enfòmatrik. Li manm Sosyete Koukouy Miyami. Li ekri *Powèm pou youn Ayiti tou nèf* (1994). Janjan se aktè. Li jwe nan plizyè pyès teyat Jan Mapou ekri.

**Dede Dorcély**: Se limenm ki refonde Sosyete Koukouy anndan Ayiti nan ane 1996. Dede se atis pent, aktè epi animatè kiltirèl. Li se kreyatè yon kategori pwezi kout, li rele Zwing. Li plizyè liv nan kategori rakontay / rakonte pami yo : Zwing, pwezi, Koleksyon Koukouy (2013), Ponyen sèl Koleksyon Koukouy (2016), Ensekirite (2017), Òfeliz # I, rakontay Koleksyon Koukouy (2019), Òfeliz # II, rakontay, koleksyon Koukouy (2020), Lave boutèy, rakonte, Koleksyon Koukouy (2020), Grenzanno, rakonte, Koleksyon Koukouy (2021), Blandina Boutilye, rakonte, Koleksyon Koukouy (2021). ak anpil lòt ankò.

**Henri-Robert Durandisse** fèt nan vil Leyogàn nan lane 1966. Depi lane 1979, li ape viv nan peyi Kanada, pwovens Québec. Li se manm Sosyete Koukouy Kanada. Li toujou enterese nan tout sa ki ape pase nan monn kiltirèl-la. Henri-Robert déjà pibliye *Amour, je te tutoie* nan lane 2004, youn diskonpak pwezi ki gen mizik tou. Nan lane 2008, li pibliye youn rekèy powèm *Langay Lanmou*. Li ekri ni an franse ni en kreyòl. Li patisipe nan piblikasyon plizyè antoloji nan Québec kou nan peyi Lafrans. Powèt-la se yoùn nan de manm fondatè Société Paroles ak manm Sosyete Koukouy seksyon Kanada.

**Manno Ejèn** se natif Gwanntanamo. Pitit de vyewo, li fèt 2 jiyè 1946 nan peyi Kiba. Li se manm fondatè Sosyete Koukouy Kanada. Li se Prezidan REK (Regwoupman Ekrivenn Kreyòl). Depi 1975 li ape viv Kanada. Dizè, jounalis, powèt, Manno Ejèn ekri sèlman an kreyòl. Powèt la pote mayòl *Prix Jacques Stephen Alexis de la nouvelle*, pou De ti tou pou dekte Lalin (Resi, 1998) ak Pri M. K. Koleksyon Koukouy, (Pwezi, 1967). Li pibliye *Aganmafwezay* (Resi, Près Nasyonal Ayiti, 2008), *Vwa Zandò/La voix des mystères* (Pwezi, atelye Ed. *Mémoire d'encrier*, 2007),

Ekziltik (Pwezi, Koleksyon Koukouy, 1988); Sezon Papiyon (2013), Pwezi pou anwoule tan mwen (2019).

## **Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukourouj)**

*Michel-Ange Hyppolite* ( Kaptenn Koukourouj) fèt Ayiti nan ane 1953. Li gen yon lisans nan Biyoloji (New Jersey City University), yon lisans epi yon metriz nan Edikasyon (Université d'Ottawa). Li se yon pwofesè syans ak Byoloji alaretrèt. Li te fè lekòl nan *Gloucester High School Ottawa ( Canada )*. *Michel-Ange Hyppolite* se yonn nan manm fondatè Sosyete Koukouy Kanada ak Bilten Koukouy. Li se Ko-Direktè Revi Literè Sosyete Koukouy. Li te Prezidan Biwo Santral Sosyete Koukouy (2019 - 2021), epi li se manm fondatè *Samedi Littéraire haïtieno-canadien, nan Ottawa*. Li se Akademisyen nan Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA).

*Michel-Ange Hyppolite* prezante konferans sou literati kreyòl la nan plizyè vil Amerik Dinò. Li se kritik literè. Li kolabore ak *Haiti En Marche* nan seksyon Tigout Pa Gout / Sosyete Koukouy an Aksyon epi li anime Emisyon radyo Bouyon Rasin segman edikasyon nan Ottawa, sou *CHUO-FM 89,1*. Li te kreye pwogram Èd Akademik anndan Ayiti Rasin, nan Ottawa. Li fè demach nan Ministè Edikasyon Ontaryo pou yon rekonèt lang kreyòl Ayiti a nan pwogram ansèyman lang etranje nan pwovens lan. Li kontinye ap fè travay rechèch sou kreyasyon mo nèf nan domèn biyoloji. Li pibliye liv nan plizyè kategori : Literati, Edikasyon ak Lasyans epi li toujou eseye pote nouvote nan lanng kreyòl Ayiti a. Se konsa, li pibliye premye leksik sou kò moun an kreyòl ( 1989). Se limenm an premye ki te parèt ak yon esè sou istwa pwezi kreyòl Ayiti ( 2000) epi nan ane ( 2006) li te parèt ak premye liv nan kategori lèt anndan literati kreyòl Ayiti a. Zèv Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj) parèt nan plis pase 5 antoloji sou pwezi keyòl.

## **LIS LIV MICHEL-ANGE HYPPOLITE ( KAPTENN KOUKOUWOUJ) DEJA PIBLIYE**

Filozofi Euphémie Ak Nicolas : Pawòl Granmoun, (2023) Filoralite, Koleksyon Koukouy, Ottawa, p. 185 [978-990097-05-08]

Lespwa Lanmou (2019), Pwoz pwezi , Koleksyon Koukouy, Ottawa, p. 61 [978-1-7751755-9-9]

Lèt Ife ak Soul ( 2006), kategori lèt, Edisyon Productions Koukourouj, Ottawa, p. 123 [0-9699671-1-X]

Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti ( 2000), Esè, Edisyon Educa Vision, Florida, p. 265 [1-58432-150-4]

Li, konprann, ekri: Yon jaden kreyòl, (1996), (an kolaborasyon avèk Hugues Lamour epi Jacqueline Beaugé-Rosier) didaktik, Edisyon Educa Vision. Florida, p. 260 [1-881839-63-X]

Zile Nou ( 1995 ), pwezi, Edisyon Productions Koukourouj, Ottawa, p.104 [1-58432-090-7]

Atlas Leksik Zo Mounn ( 1989), Leksik, Edisyon Koukouy, Monreyal, p.176 [2-921095-01-7]

Anba Lakay ( 1984 ) pwezi, Edisyon Nèg Bosal, Monreyal, p. 43 [2-920639-92-7]

### **Rekonesans pou angajman epi aksyon kominotè**

Plak Bon Ginen Ayiti Rasin (1995)

Rekonesans Ville de Montréal, Comité *Le Mois de l'Histoire des Noirs* (2003)

Plak *Hommage et Reconnaissance*, GRAHN Ottawa-Gatineau (2017)

Plak *Hommage* Samedi Littéraire Haïtiano-Canadien (2018)

Plak Onè Forum d'Entraide et Solidarité des Haïtiens d'Ottawa-Gatineau (FESHOG) (2023)

**Anivince Jean-Baptiste** se nèg depatman Nòdwès, manm Sosyete Koukouy Ayiti, direktè Regwoupman Ekriven Kreyòl, prezidan/ fondatè Tanbou-Literè . Msye etidye Antwopoloji/sosyoloji nan Fakilte Etnoloji, Inivèsite Leta Ayisyen an. Li patisipe an gran jan nan divès batay pou te mete Akademi Kreyòl ayisyen an kanpe. Li se Prezidan fondatè FEL Kreyòl.

Piblikasyon Jean Baptiste Anivince (Pwezi)

Ma ville archipel de verres suivi de "Mo bosal", Enprimri Vilsaint, Mibalè, 2010 (Piblikasyon bileng).

De bò goch, Éditions Choucouné, 2013

Fou nan Souf Woutfrè, Atelye piblikasyon REK, 2015

Zo kanzo, Atelye piblikasyon REK, 2017

Dat, Edisyon Freda, 2022

Fou nan Souf Woutfrè, Atelye piblikasyon REK, 2015

### **Raymond Justin (Remon Jisten)**

Remon Jisten (Louis Raymond Justin) fèt nan Depatman Grandans, Ayiti; Etid Primè: Hortensius Merlet, Jérémie;

Etid Segondè: Lycée Toussaint Louverture, Port-au-Prince; Lycée François Duvalier (anvan ak apre: Lycée Nord Alexis), Jérémie;

Etid inivèsite: Massasoit Community College: Brockton Mass; Harvard Extension School: Cambridge Mass

Manm Sosyete Koukouy: branch Massachousèt

Manm Dictionary Society of America

Enstriktè English as Second Language (ESL); Tradiktè ak leksikograf amatè

Tradiskyon: Kozman 1 ak 2 (Discorsi de la Prima Deca di Tito Livio- Niccolò Machiavelli (1999-2004); Prens Lan (Il Principe)- Niccolò Machiavelli (2018).

MiniDiksyonè Anglè Ayisyen (nan kouti)

**Ernst Julméus** ( Degoutan) fèt Pòtoprens nan ane 1948. Li se manm Sosyete Koukouy Ayiti a nan epòk Emisyon Solèy Radyo Karayib. Li se manm Sosyete Koukouy Miyami. Ernst Julméus se doktè nan branch lamedsin. Li se dezyèm Vis-prezidan Sosyete Koukouy Miyami. Li se responsab seksyon piblikasyon ak kritik nan Sosyete Koukouy Miyami epi li se yonn nan animatè Emisyon Antèn Koukouy nan Miyami.

**Jozafa Large** fèt nan Vil Jeremi nan dat 15 novanm 1942 - 28 oktob 2017. Li te manm Sosyete Koukouy Miyami. Li te fondatè twoup Teyat Kouidor. Li ekri an franse epi an kreyòl. Nan lang kreyòl la li genyen Pè Sèt (powèm) 1994; Rete! Kote Lamèsi (woman) 2008; Eko Dlo : Lagrandans debòde (Dis Konpak) 2008.

### **Rassoul Labuchin (Joseph Yves Médard)**

Rassoul Labuchin (Joseph Yves Médard) fèt Pòtoprens nan ane 1939. Li te yon militan sendikalis e sosyalis. Li fonde an 1959 Le Mouvement Théâtre Ouvrier (MTO) anndan L'Intersyndical d'Haïti. Li te majistra vil Pòtoprens. Li te pwofesè matematik ak fransè. Sòti 1996 rive 2001, li te direktè Théâtre national d'Haïti. Li te ansyen *maire de Port-au-Prince* (2002 – 2004). Li te pwofesè nan École Nationale des des Arts

(ENARTS). Li se aktè, ekriyen pyès teyat, powèt. Li ekri an franse ak an kreyòl. Li ekri Maryaj Lenglensou, premye opera nan lang kreyòl la (2004). Li te ekri *Trois Colliers maldioc* (1962), *Compère suivi de dégui* (1968). Li ekri Pwezi Kreyòl Lakay (2014), nan monreyal. Rassoul pibliye kont, teyat, sinema (Anita) nan lanng kreyòl Ayiti a.

## **Yvon Lamour**

Yvon Lamour te tidye kreyòl nan Haitian Creole Institute, Indiana University.\* Li Diplòme nan Literati Angle ak Ansèyman Angle-kòm-dezyèm-lang. Li genyen 2 Metriz, yonn nan Jesyon Lekòl Segondè epi lòt la nan Travay Sosyal, Boston.

Li te pwofesè angle Kòm Dezyèm Lang, epitou li se Dirèktè Sant Entènasyonal Pou Elèv ak Paran Bileng nan Lise Cambridge Rindge and Latin School, Cambridge, Massachusetts, peyi Etazini. Depi apre li fin fonde SDKA-Sant Devlopman Kreyòl Ayisyen nan lane 1983 nan Eta Massachusetts, kote li abite, Pwofesè Lamour kontinye ap fè kou kreyòl pou Ayisyen ak lòt nasyon. Li te anseyan Lang Kreyòl ak Kilti Ayisyen, nan Tufts Universite, Medford. Li òganize seminè pou ayisyen, epi li fè konferans sou kilti ayisyen ak lang kreyòl nan divès vil Etazini kou nan Kanada. Nan mwa Jiyè 1997, li te derape yon seri seminè fòmasyon anseyan an Ayiti. Depi dat sa a, se chak ane sòti jiyè rive mwa out, pwofesè Yvon Lamour, kèkeswa kondisyon sosyo-politik yo, vwayaje toupatou Ayiti pou li kontinye anime seminè li devlope pou anseyan yo nan peyi a. Pwofesè Yvon Lamour ekri Divès Moso Nan Metye Fè Lekòl, ki pibliye nan Edisyon Inivèsite Karayib nan ane 1999.

## **Andre Lapierre Pardo**



Andre Lapierre Pardo, Ph.D. (Bob Lapierre), fèt nan Pòtoprens. Doktè Pardo kolekte tout degre ki ofri nan domèn teyat la: AA, BA, MA, ak Ph.D.

Doktè Pardo se yonn nan sèlman kat Tèspyen Ayiti genyen. Ekspètiz li fokis sou ekri ak dirije mega-pèfòmans sou sèn teyat, ak yon angajman pou fòmè granmoun ki pa konn alfabè yo, ak sa ki pa fin twò save yo. Dr. Pardo rekonèt karaktè yon pèp baze sou edikasyon, konesans, istwa, ak kilti li. Se depi soti nan ane 1960 yo Bob Lapierre, antan manm klib kiltirèl Etoiles Caraïbes,

kòmmanse ap fè lekòl pou analfabèt anba rechouse legliz La Caridad.

Soti nan jenerasyon Caraco Bleu, Bob te elèv anpil nan pyonye tankou Robert Beaudui, Serge François, Jean Wilson, Barthelemy Joseph. Li te grandi nan yon anbyans dramatik ki sèvi kòm fondasyon sou sèn teyat. Bob etidye ak travay avèk anpil gran pwofesyonèl nan mouvman teyat Ayisyen tankou Gérard Résil, Pierre Blain, Alexandre Abellard, Ansi Dérose, René Audain, Wills Paul, Antoine Chéry, Otto Louis-Jacques, ak tandòt ankò. Nan Dyaspora a, li pèfòme avèk twoup teyat etranje epi lokal. Nan Connecticut, li te konn pèfòme avèk twoup ‘Teyat Charlie Peirera, Inc...’ Retounen nan New York, li te bra dwat lejann teyat Ayisyen an nan Nouyòk. Jean-Pierre René Audain, direktè ‘Teyat Choukoune.’ Se nan Nouyòk li te vin makònen avèk yon lòt lejann ankò nan mouvman kiltirèl Ayisyen an, manm fondatè epi direktè Sosyete Koukouy, Jean-Marie Willer Denis, alias Jan Mapou, epi li te vin manm Koukouy. Anplis, li te aktè pèmanan nan Voix et Tambours d’Haïti, Inc., yon gwoup ekselan atis Ayisyen ki reyini anba zèsèl de gran direktè tankou Antoine Chéry (Koral) ak Wills Paul (Drama). Li te yon aktè favori tou nan Max Kendal Theatre, Inc. Kòm entèn, li te travay nan Tri-Becca Theatre FOH (Front-of-house) avèk anpil gran dramatik tankou Profesè Millilli epi Leslie Gambini ; nan The Lenfest Center for the Arts, Columbia University, li te aktè pou dramatik-direktè Richard Abernati ; nan Broadway, New York, BOH (Backstage), Bob te fè anpil eksperyans avèk kò teknik yo. Bob te sèvi kòm konsèyè teknik nan York College Performing Arts Center, Queens, NY. Li te kolabore avèk depatman drama nan de lòt Inivèsite nan Nouyòk. Pou setan (7) an, nan Florida, doktè Pardo te gen privilej travay pou Jan McArt (Florida’s First lady of Theatre) kòm asistan pwodisè nan Keith C. and Elaine Johnson World Performing Arts, Lynn University. Kòm dramatik-direktè, doktè Pardo chaje ak eksperyans nan domèn li. Finalman, depi 2004 rive jouk pou 2020, se doktè Pardo ki te direktè tout gran pèfòmans ak siksè Farah Juste nan Miami. Konsa tou li te ekri epi dirije avèk siksè anpil lòt gran pèfòmans ak festival pou yon latriye kliyan nan Florid. Menm lè sa a, li rete yon edikatè TESOL pou tout refijye Entènasyonal nan Broward College, Florida. Nan domèn sa a, se plis konpetans lengwistik-kiltirèl li ki kontribye nan siksè li.

Pou metrize li, li ekri liv ki rele: *Ebony: The Black Rose: a tale of Antwàn Lan gomye* (pibliye an 2015). Tèz doktora li rele: *The Ayitian Theatre* (Prezante an 1999; pibliye an 2001, 2020). Dezyèm piblikasyon an te fè avèk fyète otè a sou banyè logo “Sosyete Koukouy Golden Collection,” an rekonesans pou konsistans ak devouman li. Kòm aktè sou sèn teyat, Bob Lapierre fè prèv li nan Dyaspora a. Lapierre, ansanm avèk Shirley Anilus, te premye aktè Ayisyen ki jwe premye ‘long métrage’ Ayisyen sou gran ekran, epi tou premye film Ayisyen ki pase nan gran sal sinema nan Etazini, « *Lavi Ayisyen Nan Nouyòk* - 1984, » sou direksyon Willy Exumé. Antan yon dramatik-direktè ekstraòdinè, Lapierre fè prèv li tou. Li ekri anpil pyès enpòtan pou prezèvasyon ak konsèvasyon literati Ayiti tankou: *Ebony: The Black Rose: a tale of Antwàn Lan gomye* (2015) ; *Senèkè* (2001) ; *Endepandans 1804-2004* (2004) ; *Bonhomme Coachi: Faustin 1er* (2001) ; *Duvalier Toutouni-tout nu* (2012) ; *AKSYON* (2013) ; elatriye.

Pami travay klasik li yo moun ka eksplòre:

- 1- Alfabè Kreyòl-Metòd Yves Déjean
- 2- Anekdòt 1
- 3- Anekdòt 2
- 4- Bouki ak Malis (Kreyòl/Angle)
- 5- Duvalier Toutouni
- 6- Endepandans 1804-2004



- 7- Feliks Gèp Nan Bwa
- 8- Inisyasyon Nan Kilti ak Lang Kreyòl Ayisyen an
- 9- Jan Sòt ak Jan Lespri
- 10- Lanfè Nan Paradi
- 11- Malfini-Byenfini (1986)
- 12- Senekè (Majistra Willy Jean-François)
- 13- Tezen – Vèsyon Kreyòl/Koleksyon Klasik (ISBN#9781663544117)
- 14- Toutrèl (Timoun yo)

### **Jozafa Large**

Jozafa Large fèt nan Vil Jeremi nan dat 15 novanm 1942. Li se manm Sosyete Koukouy Miyami. Li se fondatè twoup Teyat Kouidor. Li ekri an franse epi an kreyòl. Li genyen Pè Sèt (powèm) 1994; Rete! Kote Lamèsi (woman) 2008; Eko Dlo : Lagrandans debòde (Dis Konpak) 2008.

### **Sherley LOUIS**

Sherley Louis se yon veteran ki genyen anpil pri nan divès nivo kòm edikatè. Yo rekonèt li entènasyonalman kòm edikatè epi kòm lidè nan ansèyman materyèl ki genyen yon angajman kiltirèl. Li ap travay nan yon lekòl, kote li ofri yon ansèyman ki otantik pou Ame riken epi Anglè, peyi Langletè. Li se manm Sosyete Koukouy. Nan ane 2023, li pibliye Silans Konfyans nan Koleksyon Koukouy.

**Angelucci Manigat, Jr.** Se yon powèt, jounalis, tradiktè epi sendikalis. Li fèt Pòtoprens nan mwa jiyè 1963. Li se manm Sosyete Koukouy Satanford. Li se fondatè premye jounal ayisyen nan Konektikèt «Connecticut Haitian Voice», ki parèt an kreyòl franse epi angle. Li pibliye 2 liv powèm : Fiel-Miel (1987); Mémoire du Petit Chien d'à côté (1995).

**Max Manigat** fèt Okap. Li se manm Sosyete Koukouy Miyami. Li se yonn nan 33 premye manm Akdedmi lang kreyòl Ayiti a. Li fè tout karyè li nan domèn fè lekòl. Li se yonn nan premye Pwofesè ayisyen ki te bay

kou kreyòl nan inivèsite ameriken. Li ekri anpil liv an kreyòl. Yonn ladan yo se Patamouch (2007) Literati-Repòtaj.

**Jan Mapou** fèt Okay (Ayiti). Li se kontab. Li genyen yon fòmasyon nan domèn Etnoloji. Li se yonn nan manm Fondatè Mouvmman Kreyòl Ayisyen epi Sosyete Koukouy. Li se Vis Prezidan Biwo Sosyete Koukouy Kanada. Jan Mapou se yonn nan poto mitan Sosyete Koukouy Miyami an. Jan Mapou ekri, dirije epi prezante plis pase yon douzèn pyès teyat epi li ekri de (2) liv powèm Bajou Kase (1974) epi Pwezigram (1981). Nan ane 2022, li pibliye Antoloji Teyat Mapou. Li pibliye atik nan plizyè jounal. Li se yonn nan animatè Emisyon Antèn Koukouy nan Miyami.

### **Émile Célestin Mégie**

Oktòb 1922 – jiyè 2018. Togiram) fèt Marigot (Ayiti). Li se yonn nan manm pèmanan Biwo Santral Sosyete Koukouy la. Li konekte ak Sosyete Koukouy depi nan fondasyon li. Li ekri liv pwezi an franse epi an kreyòl. Li ekri istwa-kout kou: Ale-vini Mirak (1946); Lanmou Lasigwav (1967) Li ekri Lanmou pa gen Baryè (woman) an twa tò. Tòm I (1975); Tòm II (1977); Tòm III (1981), Agasya (2003) woman. Mégie se yonn nan premye manm Sosyete Koukouy Ayiti a anvan manm Sosyete Koukouy yo te oblije kite peyi a.

**Pascale Millien-Faustin** Pascale Millien-Faustin (Choublak Kreyòl) fèt Pòtoprens. Li etidye nan domèn finans ak jesyon. Pascale debite nan Sosyete Koukouy Miyami nan ane 1988 kòm yon manm djanm nan kou kreyòl, seksyon teyat, seksyon koral ak seksyon dans. Biwo Kiltirèl ak Biwo Santral Sosyete Koukouy te mandate li pou fonde branch Sosyete Koukouy Konektikèt la nan mwa jen 1990 nan vil *Norwalk*. Pascale fè pwomosyon kilti lakay apati ekspozisyon atizana, ansanm ak penti primitif. Li òganize defile mòd. Li pibliye premye jounal branch lan: Bobèch 1990. Li ekri pwezi, istwa-kout, jwe pyès teyat, epi kòm koregrafè dans folklò Ayisyen, li prepare yon latriye jenn nan zòn Norwalk, Stamford ak Bridgeport. Li se manm djanm nan *Haiti*

*Television Network* depi 1990 nan yon segman pou ede edike Kominote a. Nan ane 1998, apre preparasyon li te resevwa nan *Literacy Volunteer of America*, Pascale te lanse yon pwogram alfabetizasyon pou montre konpatryòt Ayisyen ki ap aprann li yo nan *Stamford, Connecticut* li. Pascale te kontinye travay ak *Stamford Board of Education* nan Connecticut pou li ansye pwofesè lekòl yo kreyòl pratik ak enfòmasyon sou kilti Asyisyen an pou ede yo travay ak jenn etidyan Ayisen ki ap eseye entegre yo nan sistèm edikasyon vil *Stamford* la. Jouk jodia li toujou Koregrafè dans folklò, li tradui dokiman an kreyòl epi libay kou kreyòl; nan ane 2004 li vin Prezidan *Haitian Women Association of Connecticut* li te ede fonde depi 1998. Nan ane 2008 Pascale vin Direktè Jeneral Koukouy branch Koukouy nan Bridgeport, Connecticut. Nan ane ..., li pibliye *Timtim: Jaden Kreyasyon* (Istwa kout an kreyòl). Depi ane 2021, li okipe pozisyon Prezidan Biwo Santral Sosyete Koukouy.

### **Ernst Mirville (Pyé Banbou)**

Ernst Mirville (Pyé Banbou) fèt Pòtoprens (Ayiti). Li se doktè nan branch medikal. Li se yonn nan manm fondatè Mouvman Kreyòl Ayisyen ak Sosyete Koukouy. Li se manm pèmanan Biwo Santral Sosyete Koukouy la. Li se yonn nan teyorisyen Mouvman Kreyòl Ayiti a. Travay teyorik li yo parèt nan *Cahier Créole No. 2* (1966). Nan ane 1965, avèk kèk lòt kanmarad, li lanse Òganizasyon Mouvman Kreyòl, ki ta pral debouche sou kreyasyon oubyen konsolidasyon Emisyon Solèy, Sosyete Koukouy, Lanbi Klib, elatriye. Li pibliye *Cahier Kreyòl No 1* ( *Manifès Mouvman kreyòl la*) 1965; *Cahier Créole No 2* ( *Manifès Mouvman kreyòl la*) 1966; *Deviz* (1974) powèm; *Rechèch* ( *Esè/powèm*) 1979; *Grammaire créole comparée* 1984; *Siwolin, leson kreyòl pou etranje* 1984; *BILAP* ( *Bilten Institi Lengwistik Aplike Pòtoprens*), elatriye.

## Felix Morisseau-Leroy



*Felix Morisseau-Leroy* (Moriso), se yon powèt, yon ekriven ki te defann lang kreyòl. Pou zanmi li, li se Moriso. Moriso fèt 13 mas 1912 nan vil Grangozye tou pre Jakmèl, nan depatman Sidès. Li mouri 5 septanm 1998 nan vil Miyami, Etazini. Moriso fè karyè kòm pwofesè literati, jounalis, montè pyès teyat. Li te Direktè jeneral nan Ministè Edikasyon Nasyonal. Moriso travay nan domèn literati ak teyat, nan plizyè peyi sou kontinan afriken an, espesyalman nan peyi Gana ak nan peyi Senegal.

Pou Moriso, lang kreyòl la, ki se sèl lang abitan (peyizan) yo pale, dwe tounen lang tout pèp ayisyen an. Se ak lang kreyòl la pou Ayisyen sèvi si yo vle tounen yon sèl pèp. Li mete kò li nan batay pou li pouse ekriven ak atis ayisyen ekri nan lang kreyòl la. Men yon ekstrè nan yon atik Moriso te ekri sou pozisyon li pran ak esperyans li fè nan monte pyès teyat an kreyòl : « *Pou mwen menm, pa gen diskisyon ankò* [sou zafè lang kreyòl la]. *Epi, mwen envite jèn ekriven yo pou yo lage kò yo nan kreyasyon olye pou y ap pèdi tan nan fè diskisyon initil avèk pitit Touden yo, pou yo konnen si y ap chwazi Izaak (Lafrans), osnon si y ap chwazi Plasid (Ayiti)* »<sup>1</sup>. Moriso-Lewa te manm Sosyete Koukouy nan Miyami, kote li te kole zèpòl avèk branch literè òganizasyon an.

Youn nan powèm ki fè moun sonje Moriso, se *Mèsi Papa Desalin*. Moriso te tradui *Antigone*<sup>2</sup> an kreyòl sou non *Wa Kreyon*. Men kèk liv Moriso ekri<sup>3</sup> :

1. *Plénitudes pwezi, 1940*
2. *Natif-natal, kont sou fòm pwezi, 1948*
3. *Dyakout, pwezi klasik, 1951,*
4. *Wa Kreyon, Antigòn an Kreyòl, adaptasyon pou Ayiti, 1953* [5]
5. *Haitiad and Oddities, 1991,*
6. *Les Djons d'Haiti Tomas, (pwezi) 1995.*

Gen yon gwo ri prensipal nan Miyami ki pote non Félix Morisseau-Leroy.

---

<sup>1</sup> "À mon avis, la cause est entendue. Et j'invite les jeunes écrivains à consacrer à la création le temps qu'ils perdent en vaines polémiques avec les derniers fils de Toussaint Louverture..."

Sitasyon ki parèt nan yon ekstrè tèks nan: l'espace de la conscience créole, [http://web.archive.org/web/20050305020346/elvir.univ-poitiers.fr/article.php3?id\\_article=607](http://web.archive.org/web/20050305020346/elvir.univ-poitiers.fr/article.php3?id_article=607) , dat konsiltasyon : 29 desanm 2017.

<sup>2</sup> Antigòn, se yon pyès teyat klasik yon otè grèk ki rele Sophocle (Sofòk) te ekri, 4 syèk anvan Jezikri

<sup>3</sup> [https://en.wikipedia.org/wiki/F%C3%A9lix\\_Morisseau-Leroy](https://en.wikipedia.org/wiki/F%C3%A9lix_Morisseau-Leroy), <http://ile-en-ile.org/moriso/lewa/>

## **Lochard Noël**

Lochard Noël fèt Potoprens, Ayiti nan ane 1955. Li travèse lento lavi nan ane 2022, li te apenn fin konplete doktora li. Lochard te konn anime yon emisyon radyo sou non Solon. Li te manm Sosyete Koukouy nan Miyami. Lochard ekri an franse kou an kreyòl. Li ekri pwezi, teyat, esè, woman. Men kèk nan zèv li ekri an kreyòl yo.

Mannouba (pwezi) 1994

Oli, ole (pwezi) 1996

Nwèl nan peyi solèy (kont) 1997

Tik Tak (pwezi) 1998

Natali (woman) 2002

Zèklè ak zetwal (pwezi) 2009

## **Iléus Papillon**

Iléus PAPILLON fèt nan komin Pòmago, Depatman Nò Ayiti. Apre li te fin etidye Kominikasyon radyo ak Telekomikasyon nan CUEP (2008). Li fè yon lisans nan Sosyoloji (Inivèsite Leta Ayiti) ak yon metriz nan Istwa, Memwa ak Patrimwàn nan Inivèsite Leta Ayiti ak kolaborasyon Inivèsite Laval, Kebèk, Kanada. Iléus ekri plizyè liv an kreyòl ak fransè epi resevwa plizyè pri an Ayiti ak peyi Etazini. Li patisipe nan plizyè aktivite liv ak literati nan monn lan tankou Miami Book Fair nan peyi Etazini, Livres en Folie an Ayiti, nan Festival Entènasyonal Literati Kreyòl, Salon du Livre et des Arts du Grand Nord. Iléus PAPILLON prezante ak vwa li tèks ki entwodui kèk emisyon ki gen gwo ekout an Ayiti: Ranmase ak Entèseksyon sou radyo Caraïbes ; radyo Vision 2000 à l'écoute sou radyo Vision 2000, radyo Pacific, radyo Zénith, elatriye. Li se ansyen jounalis prezantatè, ansyen redaktè nan jounal Le National an Ayiti; li te prezantatè tou nan radyo Vision 2000, radyo Pacific, elatriye. Jodi a, Iléus PAPILLON ap travay nan Akademi Kreyòl Ayisyen kòm Teknisyen nan Kominikasyon epi li jwe wòl Korespondan Radio Havane pou Ayiti.

Pami zèv li yo, nou ka site:

- *Tribòbabò* (pwezi 2012)
- *Sèt priyè lari* (pwezi - 2014)
- *Sèt kle pou louvri letènite* (rekey nouvèl - 2016)
- *Chimen dekoupe/Les autres itinéraires* (albòm CD tèks odyo – 2015).

### Félix Morisseau-Leroy



*Felix Morisseau-Leroy* (Moriso), se yon powèt, yon ekriven ki te defann lang kreyòl. Pou zanmi li, li se Moriso. Moriso fèt 13 mas 1912 nan vil Grangozye tou pre Jakmèl, nan depatman Sidès. Li mouri 5 septanm 1998 nan vil Miyami, Etazini. Moriso fè karyè kòm pwofesè literati, jounalis, montè pyès teyat. Li te Direktè jeneral nan Ministè Edikasyon Nasyonal. Moriso travay nan domèn literati ak teyat, nan plizyè peyi sou kontinan afriken an, espesyalman nan peyi Gana ak nan peyi Senegal.

Pou Moriso, lang kreyòl la, ki se sèl lang abitan (peyizan) yo pale, dwe tounen lang tout pèp ayisyen an. Se ak lang kreyòl la pou Ayisyen sèvi si yo vle tounen yon sèl pèp. Li mete kò li nan batay pou li pouse ekriven ak atis ayisyen ekri nan lang kreyòl la. Moriso-Lewa te manm Sosyete Koukouy nan Miyami, kote li te kole zèpòl avèk branch literè òganizasyon an.

Youn nan powèm ki fè moun sonje Moriso, se *Mèsi Papa Desalin*. Moriso te tradui *Antigone*<sup>4</sup> an kreyòl sou non *Wa Kreyon*. Men kèk liv Moriso ekri<sup>5</sup> :

7. *Plénitudes* pwezi, 1940
8. *Natif-natal, kont sou fòm pwezi*, 1948
9. *Dyakout*, pwezi klasik, 1951,
10. *Wa Kreyon, Antigòn an Kreyòl, adaptasyon pou Ayiti*, 1953 [5]
11. *Haitiad and Oddities*, 1991,
12. *Les Djons d’Haiti Tomas*, (pwezi) 1995.

Gen yon gwo ri prensipal nan Miyami ki pote non Félix Morisseau-Leroy.

<sup>4</sup> Antigòn, se yon pyès teyat klasik yon otè grèk ki rele Sophocle (Sofòk) te ekri, 4 syèk anvan Jezikri

<sup>5</sup> [https://en.wikipedia.org/wiki/F%C3%A9lix\\_Morisseau-Leroy](https://en.wikipedia.org/wiki/F%C3%A9lix_Morisseau-Leroy), <http://ile-en-ile.org/moriso/lewa/>

## Lunine Pierre-Jérôme

Se nan ane 1980 yo, Lunine te chwe nan eta Massachusetts kote l ap viv jouk kounye a. Se la nan Inivèsite Northeastern manmzèl foure diplòm bakaloreya li anba bra l. Lunine fè yon metriz nan Lengwistik Aplike nan inivèsite UMass, Boston epi nan menm inivèsite sa yon doktora nan edikasyon. Li se manm Konsèy Direksyon Asosyasyon Fanm Ayisyen nan Boston (AFAB). Li se manm Sosyete Koukouy Boston.

Angajman Kominotè :

Depi nan ane 80 yo, Dr. Pierre-Jérôme te vin yon manm aktif (vis Prezidan Komite Direksyon) Asosyasyon Fanm Ayisyen nan Boston (AFAB), yon òganizasyon kominotè debaz ki gen pou misyon rann fanm vin « djanm nan ede yo devlope kapasite endividyèl ak kolektif pou amelyore estati sosyal, ekonomik ak politik yo, pou chanje lavi yo ak pa fanmi yo pozitivman. » Jounen jodi a, li se manm konseye Komite Direksyon an kote li kontinye ap ride kominote li.

Lunine ap bay sèvis benevola kit se nan pwogram ete lekòl, kit se fè prezantasyon nan Radyo ak Televizyon. An menm tan tou, li se Kowòdonatè, *Chiktay Literè*, yon fowòm pou pwomosyon otè Ayisyen, lang Kreyòl Ayisyen, ak kilti Ayisyen. Epitou li se Lyezon nan Lekòl Piblik Randolph ak pwofesè nan pwogram Metriz nan Cambridge College. An ete, li anseye nan Enstiti Kreyòl nan Inivèsite UMASSS, Boston.

Eksperyans Pwofesyonèl

- Lyezon, Distri Lekòl Piblik nan Randolph, MA
- Editè an Chèf, Seksyon Kreyòl, JEBKA Editions
- Asistan Direktè, Lekòl Elemantè Taylor, Distri Lekòl Piblik Boston
- Direktè Pwogram SLIFE, Distri Lekòl Piblik Boston
- Kowòdonatè Pwogram Metriz nan ESL, Depatman Edikasyon, Cambridge College
- Espesyalis nan Literasi, Distri Lekòl Piblik Boston
- Tradiktè & Entèprèt, divès òganizasyon

Prim & Apresyasyon

- Drylongso Award, Community Change, Inc.
- Fanm Ayisyen ki Reyisi, Asosyasyon Fanm Ayisyen nan Boston
- Fanm Ayisyen Edikatè, Haitian Youth Connection
- Angajman Esepasyonèl, Haitian Adult Day Health Center, Sant Belvi

Rechèch & Piblikasyon

Pierre-Jérôme, L. (2022). *Vivans, Vwayans, Souvnanans*. Tradiksyon an Kreyòl liv Edwidge Dandicat ekri ki rele *Breath, Eye, Memory*, apre aranjman ak SOHO PRESS, Koleksyon JALIYAA, JEBCA Editions, MA.

Pierre-Jérôme, L. (2019). *Koulè Mov la*. Tradiksyon an Kreyòl liv Alice Walker ki rele *The Color Purple* apre aranjman ak Alice Walker, c/o The Joy Literary Agency, Inc., Koleksyon JALIYAA, JEBCA Editions, MA.

Pierre-Jérôme, L. (2019), Pwològ, *Fondamantal Mizak*, JEBCA Editions, Boston:MA.

Pierre-Jérôme, L. (2011), Entwodiksyon, *Masui fe, Patrick Sylvain*, Trilingual Press, Cambridge: MA, 2013.

Pierre-Jérôme L. and Neptune O. (December 2007) (non-published). Haitian Kreyòl or French: Language Preference of Haitians in Metropolitan Boston on Health-Related Resources, Focus Group Report, Department of Public Health, Boston, MA.

Pierre-Jérôme L. (1997) Introduction, *A New Beginning: The World of Poetry, Bilingual Haitian Students, Lewenberg Middle School*, Orèsjosef Publications, 1997, Boston, MA.

Manb ak Afilasyon Pwofesyonèl

- American Translators Association
- National Association of Educational Translators and Interpreters of Spoken Languages
- American Association of Interpreters and Translators
- International Literacy Association
- Massachusetts Association of Teachers of Speakers of Other Languages
- Association of Haitian Women in Boston
- Haitian Language & Culture Center (HLCC)
- Haitian Studies Association

## **Jean-Robert Placide**

Jean-Robert Placide fèt Pòtoprens Ayiti nan ane 1950 nan fanmi Duré ak Placide. Li fè klas primè li kay Frè Sakre Kè yo, li kontinye etid li nan lise. Li genyen yon fòmasyon an lengwistik avèk yon bakaloreya nan plizyè branch anndan *Université Du Québec à Montréal*. Li se manm fondatè Sosyete Koukouy Kanada. Li fè anpil rechèch sou etimoloji nan



domèn lengwistik. Tout travay li yo pote sou lang kreyòl Ayiti a. Jean-Robert Placide patisipe nan travay piblikasyon anpil ekriyen kreyòl. Misye se pwofesè kreyòl epi li se manm fondatè Sosyete Koukouy Kanada. Travay teyorik li yo parèt nan *Ti gout pa ti gout, Haïti en Marche, Pawòl Kreyòl : Revi literè Sosyete Koukouy ak sou sit Poto Mitan*. Nan ane 2023, li pibliye *Ayisyante Ak Kreyolite*, nan Koleksyon Koukouy, Editions JEBCA.

## **Kiki Wainwright**

Kiki Wainwright fèt 24 Septanm 1937 nan Pòtoprens, Ayiti. Li se yon travayè sosyal alaretrèt. Li se jeran responsab Sosyete Koukouy Miyami. Li pibliye kòm powèt / ekriyen nan lanng kreyòl ayisyen an: “Pikliz” (pwezi) 1988; “Zepon File” (pwezi) 1994 ; “Bonifas ak Malefis” (kont kreyòl) 1999; “Nan Tan Malouk” (istwakont ak pwezi) 2003 ; “Siloyiz” (istwakout ak pwezi) 2009, Lomeyans pou Lapèsòn (powèm) 2015, elatriye. Vilokan (teyat total) 2016, Java (pwezi)2022. Nan mwa fevriye 2024 la, li pral pibliye yon woman kreyòl ki rele Melani ( adaptasyon kreyòl, liv li a ki rele *Une Vierge Singulière*. Men lis albòm mizik li pibliye kòm chantè / konpòz “Tap Tap” (albòm oraliterèl, mizik pwogresis ak fòklorik) 1981; “Rozo” (albòm oraliterèl, mizik pwogresis ak fòklorik) 1986; “Rara Liberasyon” (albòm mizik pwogresis) 1997; “Kayimit Vyolèt” (albòm mizik popilè ak fòklorik) 2005.

